«Ненан меттан денна лерина лакхарчу тобанехь д1баьхьна болу къовсам

«Хааричйн Б1ов»

«Шен ненан мотт  халкъо

Сий ойбуш 1алашбахь,

Цу халкъан парг1ато

Цхьаммо а хьошур яц»

1алашо: берийн ненан маттах долу хаарш совдахар.

Тахана вай вовшех кхетар бахьна вай ненан меттан де билгал дакkхар ду. Цунна лерина х1окху береша вайна тахана хааричйн б1ов хьала юттар ю шайн хааршци.

Кхетош-кхиорхо:

Тахана х1окху чохь къовсуш шиъ тоба ю, йоь1арий тоба, к1ентий тоба. Х1ора тобанан юкъара цхьацца коьртаниг ву. Х1инца вай дош берашка лур ду.

Береша шай тобанин ц1ераш йовзуьйту.

Вай къовсам д1аболабале х1окху береша вайн ненан маттах лаьцна байташ юьйцур ю.

Хьох лаьцна яздина,

Дийца а дийцина.

«Хьайна безахь»,-бохуш,

Хьеха хьо бина.

Хьехорах пайда буй,

Хьо хууш ца хилча?  Ахьмад

Хьо бийца хуур дуй,

Хьо безаш ца хилча.

Хьо бийца 1емар вац

Дагна хьо ца безарг.

Юьхь к1айн а лелар вац

Хьо бийца ца хуург.

Нехан говра хиъна

Вон бере шех хилла,

Кхардамехь вехар ву,

Хьо хийра леринарг.

Хьо безаш волчунна Марха

Пондаран аз ду хьо,

Хьайца уьйр йоцчунна

Гихь беза мохь бу хьо.

Хьо хууш волчунна

Жовх1арийн х1онс ю хьо,

Хьайца шовкъ йолчунна,

Чам тайна стом бу хьо.

Хьайн хазнехь кхиъначун

Вахарехь ирс ду хьо,

Хьайх хера ваьллачун

Д1атесна некъ бу хьо.

Кхеташ - кхиорхо:

Вай х1инци къовсам д1аболор бу. Дуьххьарлера хаттар вай къонахийн тобане хир ду.

1. Шарчохь маса хан ю?

Уьш билгал яха.

Х1инца муьлха хан ю вайна?

Шолг1а хаттар седарчийн тобане ду.

2. Цхьна к1иран чохь маса де ду? Уьш дагар де.

Таханлера де билгал даккха.

Кхоалг1а хаттар къонахийн тобане хир ду.

3. Вайн нохчийн къоман коьрта маса билгало ю? Уьш билгал яха.

Байракхах лаце дийца.

Доьалг1а хаттар седарчийн тобане хир ду

4. Вайн нохчийн гербах лаце дийца.

Пхоьалг1а  хаттар х1етал-металш хир ду. Къонахийн тобане.

1.Х1етал- метал хаийла шуна: хьала ерзийча - яьсса, охьаерзийча – юьзна хуьлуш йолу х1ума? (куй).

2. Х1етал – метал хаийла шуна: къеначу стеган говр? (1амса)

3. Х1етал-метал хаийла шуна: туьканахь юхкуш а йоцуш, цхьана заманчохь ехчи лур а йоцуш, нахана юккъехь эша а оьшуш йолу х1ума? (г1иллакх).

4. Х1етал- метал хаийла шуна: вайн бедан т1ера ах сискал? (беттаса).

5. Х1етал- метал хаийла шуна: стиглара т1ай т1е доьжча ца доьхна, ткъа т1ай т1ера хи чу доьжча доьхна? (кехат).

Ялхалг1а хаттар вай «седарчашка» хир ду. Шоьга хир ду х1етал- металш.

1. Х1етал- метал хаийла шуна: некъан дехьа-сехьа вехаш волу ши ваша? (ши б1аьрг).

2. Х1етал –метал хаийла шуна: дуьне хьох д1ахьулдеш долу девзиг? (месаш).

3. Х1етал –метал хаийла шуна: ц1ечу г1ожмаш т1е хевшина к1айн котамаш? (цергаш).

4. Х1етал –метал хаийла шуна: сих-сиха т1етт1а боьду ши берд? (ши балда).

5. Х1етал –метал хаийла шуна: цхьана г1айби т1е вуьжуш волу пхи ваша? (пхи п1елг).

Ворх1алг1а хаттар «къонахойн» тобане хир ду. Шуна пхи кица дало хаа деза.

Генара хиларх тешаме доттаг1 б1ов санна ч1ог1а ву.

Яхь йолчу дагахь-хьаг1 хир яц.

Барт болу ши стаг, барт боцучу юьртал тоьлла.

Дикачу доттаг1чуьнца дуьнен йисте ваха хала дац.

Доттаг1чуьн хьаг1 хала ю, мостаг1чуьн ямартлонал.

«Седарчийн» тобано а дало деза пхиъ кица.

1. Дешар -серло, ца дешар бода.

2.Г1иллакхех бен хуур дац йо1 дика муьлхург ю.

3. Нанас хестийна йо1 мехала ца йолу.

4. Дикачу ненан -дика йо1 хуьлу, хазачу ненан- коча йо1 хулу.

5. Ненан сий динарг махко а лерина.

Кхетош-кхиорхо:

Иссолг1а хаттар «къонахойн» тобане хир ду. Эша х1инца вайн нохчийн халкъан пхиъ тидам бийца беза.

1.1уьйре ц1ий елчи йочана хуьлу олу, ткъа суьйре ц1ий елчи йоькхана хуьлу олу.

2. Цициг хьаьрчина д1адижча, йочана хуьлу олу.

3. Куьйган кераюкъ к1ам елчи, т1е рицкъа дог1у олу.

4. Коган кераюкъ к1ам елчи, некъ бо олу.

5. Меран буьхьиг к1ам белчи, хазахетар хуьлу олу.

Иттолг1а хатар седарчий тобане хир ду. Пхи тидам бийца.

1. 1аьржачу цициго некъ хадийчи, некъ ца тов олу.

2. Н1аьна чу а йирзина кхайкхичи, хьаша вог1у олу.

3. Йо1а к1ентан куй тиллича, к1ентан сий дов волу.

4. Лаьтта хьокху нуй кхетчи, лоха вуьсу олу.

5. Сингаттаме хьаша, бала бу олу.

Цхьайттолг1а  хаттарехь аша чехка аларш ала деза.

1. Д1о йоьду котам бабин буьн чу йоьду.

2. Шар мела ши газа, ша т1е даьалла ши шинар.

Шийттолг1а хаттарехь седарчийн тобано ала деза ши чехкааларш.

1. Цхьа гиба

Ши гиба

Ши - кхо гиба

2. Кхо –къиг, кхо туьма, кхо кхокха.

Х1инца аса шуна вайн дахарх лаьцна йалх – йалх хаттар лур ду. Эша царна нийса жоьпаш дала деза.

1.Дуьнен чохь уггаре коьртаниг – дахар.

2. Стеган дика хьал – могашалла а,  дог дика хилар.

3. Дахарехь адамин коьртаниг – хьекъал, иман.

4. Стеган ирс- нахана везаш хилар.

5. Стеган амалехь хазниг –г1иллакх.

6.Стег нахаца нисвийриг – яхь.

Ишта хаттарш «седарчий»  тобане а хир ду.

1. Стеган мах-цо ша хадийнарг.

2. Стеган мостаг1- мало.

3. Стеган дакъазалла- хьаг1 йолуш хилар.

4. Беркат дохьуш ерг – комаьршо.

5. Сихалла сацош ерг – собар.

6. Синтем беш дерг- Далла хастам бар.

Х1инца вай таханлера ненан меттан ден лерина долу вовшехкхетар дерзор ду х1окху шина тобане цхьацца илли -эшар локхуьйтуш.

Кхетош - кхиорхо:

Хьйн ненан мотт хаахь,

Ас дозалла до хьох.

Даггара и безахь,

Ас хастам бо хьуна.

Варийлахь доттаг1а

Цунах ма херлолахь

Ненан мотт хьайн бацахь

Хьо байлахь вуй хаалахь.

Х1окху дешнашщи  дерзо лаьа суна таханлера вай вовшех кхетар. Дала и вай нохчийн мотт бийца а,  1алаш ба а, хьекъал лойла вайна.